

Kuva Vadzidzi VeBhaibheri Kunokosha

Nhungamiro Yekukura muShoko raMwari

Bhuku Rokutanga: Zvidzidzo 11-21

*Asi kurai munyasha neparuzivo rwaIshe
wedu neMuponesi Jesu Kristu. kubwinya
ngakuve kwaari zvino nokusingaperi. Amenii.*

2 Petro 3:18

Yakadhindwa na:

Cornerstone Bible Ministries

Mutare, Zimbabwe

+263 781 158 599

gospelforzim@gmail.com

Kuva Vadzidzi VeBhaibheri Kunokosha

Bhuku Rimwe: Zvidzidzo

Zvirimukati:

Chidzidzo 11: Vamwe vatendi.....	3
Chidzidzo 12: Kuda kwaMwari, Chikamu 01.....	9
Chidzidzo 13: Kuda kwaMwari, Chikamu 02	15
Chidzidzo 14: Kutarisana nechivi.....	20
Chidzidzo 15: Rusununguko ruri muna Krist.....	26
Chidzidzo 16: Kupupura nezva Kristu.....	31
Chidzidzo 17: Musha uye mhuri.....	37
Chidzidzo 18: Mari nezvehupfumi.....	43
Chidzidzo 19: Basa uye kushanda.....	49
Chidzidzo 20: Nyika yakarasika.....	55
Chidzidzo 21: Chigaro Chekutonga kwaKristu.....	61
Chidzidzo 22: Kuuya kwaShe kwepiri.....	67

Chidzidzo 11: Vamwe vatendi

Basa rangu kune vamwe vatendi sechikamu chemhuri yaMwari ndereyi?

Pawakagamuchira Mambo Jesu Kristu, wakaberekwa kutsva mumhuri yaMwari. Zvinoreva kuti wava nevakoma nehanzvadzi munaKristu sechikamu chemba yekutenda. Izvi zvakangofanana nemhuri dzepanyika, mhuri yaMwari inouya nemamwe makomborero uye basa kune munhu umwe neumwe mumhuri umu. Chidzidzo chino chakagadzirwa kukubatsira kuziva basa rako mumhuri yaMwari uye kutsanangura hukama huri pakati pako nevamwe vatendi

I. Unahwo hukama husingaperi hwepamweya nemunhu wese anowawo mwana waMwari

A. Vanhu vese vakaponeswa, vakoma nehanzvadzi dzako munaKristu.

Tarisa ndima dzinotevera dzinotipa muenzaniso wezvaturi kutaura nezvazvo: Johani 1:12, vaGaratiya 3:26, 4:5, 6:10, vaEfeso 1:5, 2:19, 3:14-15, 1 Johani 3:1.

1. Izvi zvinoreva kuti vanhu vakarasika hauna hukama navo pamweya zvisinei nezvimwe zvinhu zvakatikomberedza.
2. Mwari vanonyanya kusimbisa hukama hwedu hwepamweya kupfuura hukama hwedu hwepanyama, kana kuti hwemhuri dzatakaberekwa madziri (Mako 3:31-34, 1 Johani 3:16).
3. Izvi zvinorevawo zvakare kuti vamwe vatendi zvisinei nekereke kana bato ravanobata vari, vanenge vangori vakoma nehanzvadzi dzedu munaKristu.

II. Unaro basa rawatogadziririwa kuti uzadzise kune vemhuri yako pamweya.

Kana ukazonzvera inzwi rekuti “pamwechete” muTestamente Itsva, uchaona kuti pane mirairo yakawanda uye yakakosha pamusoro pevanhu vaMwari uye kuti unofanirwa kuyanana nevamwe vatendi sei. Kukura pamweya kunouya tichisangana nevamwe vatendi. Kana pasina kuyanana nevamwe, zvinoratidza kusakura pamweya! Tichaona mucherechedzo kubva mundima dzinotevera wenzira yatinofanirwa kutevedza wekuyanana nevamwe sekuyananaMwari vanoita nesu – Izvi zvinozotibatsira kuona kuti zvirokwazvo Mwari vakaisa chikero chekuyanana kwedu mudenga!

- A.** Unofanirwa kuda vanhu vaMwari (Johani 13:34-35, 1 Petro 3:8, 4:8, 1 Johani 3:14-16).
- B.** Unofanirwa kubatsira dzimwe hama munaKristu nezvinhu zvepamweya uye panyama (vaGaratiya 6:1-2, vaRoma 12:13, 1 Johani 3:17-18).
- C.** Unofanirwa kunyengeterera vanhu vaMwari (Jakobo 5:16, 1 vaTesaronika 1:2-3).
- D.** Unofanirwa kunyaradza, kusimudzira, uye kukurudzira vamwe vatendi (vaRoma 15:1-2, 1 vaTesaronika 5:11, vaHeburu 3:13).
- E.** Unofanirwa kushanda nekushandira vamwe vatendi uchizvinipisa (vaFiripi 2:3-4).
- F.** Unofanirwa kuva nemoyo murefu kune vamwe vatendi (vaRoma 15:5-7, vaEfeso 4:2).
- G.** Unofanirwa kuva nemoyo munyoro uye nokuregerera vamwe vatendi (vaEfeso 4:32).
- H.** Unofanirwa kubuda pachena paunoshandidzana nevamwe vatendi (vaEfeso 4:25).

III. Unacho chikamu pakuyanana nevamwe vatendi kuri maringe nemagwaro.

Kuyanana nevamwe ma Kristu hakuna kungobatikira pane zvokudya kana kufarira zvakafanana zviripanyika. Kuyanana kwevatendi kunobatirira pakuyanana kwatinako tose naKristu.

- A.** Kuyanana kuri maringe nemagwaro kugoverana hupenyu nebasa raMwari nevamwe vatendi. (vaFiripi 1:3-6, 2:1-2, onawo zvakare 2 vaKorinde 1:11, 8:4).
- B.** Kuchengedza kuyanana kwedu nevamwe ma Kristu kuti tive nehunhu hwemweya nekuzvininipisa (vaFiripi 2:3-8, Zvirevo 13:10).
- C.** Kana tisina kuyanana nevamwe vatendi, uyu mucherechedzo wokuti yanano yedu naKristu haisi painofanirwa kunga iri (1 Johani 1:3-7, 1 vaKorinde 1:9-10).

IV. Bhaibheri rinotipa mirairo yekushandisa nekugadzirisa kana tichinge tagumburisa nevamwe vatendi

Ichasvika nguva yekuti tichasangana nekurwadziwa, kupokana uye kugumburiswa nevamwe vatendi, vana vaMwari. Vamwe vatendi vanobvumidza kuti zvinhu zvakadai izvi zvivabvise pakuyanana nevamwe vatendi vaMwari zvokanganisa kushandira kwavo Mwari. Hatifanire kungogumburiswa nezvinhu zvidiki (Mapisarema 119:165). Kuri kuzoti tagumburiswa nezvinhu zvikuru, iripo nzira kana hwaro maringe nemagwaro kuti tigadzirise dambudziko.

- A.** Gadzirisa dambudziko rako nemunhu akakukanganisira. Izvi zvinoitwa muri mega murivaviri. (Mateo 18:15). Matambudziko mazhinji anowanogadzirisika padanho rekutanga iri.

- B.** Kana dambudziko rikatadza kugadzirisika nenzira iyi yevaviri, torai mutendi akura paMweya wechitatu anoremekedzwa nevaviri ava, ave muyananisi (Mateo18:16, 1 vaKorinde 6:1-5).
- C.** Kana dambudziko rikatadza kugadzirisika nenzira mbiri idzi, itorei moenda kune vatungamiri vekereke kuti akanganisa ave nemukana wekuzviisa pasi pevatungamiri vekereke yenharaunda (Mateo 18:17).
1. Mune dzimwe nguva, kugadzirisira kwekereke kunoitwa zvine matanho. Iva wakagadzirira kutsigira kutonga nekudzora kwekereke. Dziripo mhosva dzinoda kuti kereke igadzirise nekutsiura kuburikidza nevatungamiriri vakaiswa naMwari.
 - a. Dzidziso yakatsauka (vaRoma 16:17)
 - b. Hupombwe /Kusagadzikana (1 vaKorinde 5:9, 11)
 - c. Hunyope (2 vaTesaronika 3:6, 11, 14)
 - d. Makaro neruchiva (1 Timitio 6:5)
 2. Chinangwa chikuru chekudzora kwekereke kuti mutendi atendeuke kubva pamabasa akaipa (Ruka 17:3) nekudzoreranidza (vaGaratiya 6:1-2).
 3. Ipai nyaya idzi nekuitika uku kune vatungamiriri (vaHeburu 13:7, 17).
- D.** Chenjerera nguva dzose kuva nemudzi wechigumbu mumoyo mako pega pega paunosangana nekupokana uye kutsamwiswa (vaGaratiya 5:14-15, vaHeburu 12:14-15).

Mibvunzo yechidzidzo 11

1. Ko sei Mwari vachinyanya kusimbisa hukama hwedu hwepamweya mushoko ravo kupfuura hukama hwedu kwepanyama?
2. Ndeipi nzira yakashandiswa naShe Jesu Kristu kugadzira chikero chatinofanirwa kuteera tichiyana nevamwe? Ipa miyenzaniso .
3. Ipa mifananidzo kana miyenzaniso mishoma yekuti inzira dzipi dzatinofanirwa kubata madzikoma nehanzvadzi dzedu munaShe?
4. Hukama hwedu nevamwe hunofanirwa kubatirira pachii? Kana munhu asingayanani nevamwe zvakanaka zvinoburitsa mucherechedzo wakadi pamusoro pehukama hwake naMwari?
5. Ndeipi nzira yekutanga mukuedza kugadzirisa dambudziko nekusayanana kwakanaka nevamwe vatendi?
6. Chii chaunofanirwa kuchenjerera kwachiri paunosangana nekugumburiswa nemumwe mutendi?

Ndimba dzekuchengeta mumoyo 11

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

*Muitirane moyo munyoro, munzwirane tsitsi,
mukanganwirane, sezvamakakanganwirwa naMwari
munaKristu VaEfeso 4:32*

*Asi kana tichifamba muchiyedza, saiye are muchiyedza,
tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake
rinotinatsa pazvivi zvose 1 Johan 1:7*

Chidzidzo 12 :

Kuda kwaMwari Chikamu 1

Ndingaziva sei kuda kwaMwari muhupenyu hwangu?

Mwari havayeri kubudirira kwemunhu vachitarisa pfuma, dzidzo kana kuzivikanwa nekukurumbira kwemunhu. Kubudirira kwedu muhupenyu kunoonekwa nekuziva uye kuita kuda kwaMwari. Chidzidzo chino chakagadzirwa kukubatsira kunzwisisa uye nekuziva kuda kwaMwari, kuti ukwanise kushingaira kuzvizadzisa muhupenyu hwako.

I. Bhaibheri ndiro rinotitungamira kuti tizive kuda kwaMwari.

Zvizhinji zvinechekuita nekuda kwaMwari muhupenyu hwedu zvinoburitswa pachena muMagwaro. Nekuda kwekuti Shoko raMwari harishanduki, tinofanirwa kutungamirirwa nechikero cheBhaibheri raMwari pakuita kwedu kwose. Pazasi wakapihwa zvimwe zvezvinhu zvakaburitswa pachena pamusoro pekuda kwaMwari muhupenyu hwemumwe nemumwe.

A. Kuda kwaMwari kuti munhu wese aponeswe (2 Petro 3:9).

1. Izvi zvinoreva kuti vanhu vese vakarasika havasi mukuda kwaMwari.
2. Izvi zvinorevawo zvakare kuti Mwari vanotarisisira kuti tive tichibata nevamwe pakuparidza Evangeri.

B. Kuda kwaMwari kuti tirarame hupenyu hwakarurama nekuzvibvisa kubva pakusvibiswa kwezvivi zvepabonde zviri kunze kwewanano (1 VaTesaronica 4:1-7).

C. Kuda kwaMwari kuti timuvonge pazvose (1 Tesaronica 5:18).

- D.** Kuda kwaMwari kuti tizviise pasi pamasimba aakatiisa pasi pawo. (1 Petro 2:13-15).
- E.** Kuda kwaMwari kuti tishandise nguva yaakatipa nehuchenjeri (vaEfeso 5:15-17).
- F.** Kuda kwaMwari kuti tishandire vatungamiri vanemasimba pamusoro pedu nemoyo unoda (vaEfeso 6:5-8).
- G.** Kuda kwaMwari kuti mifungo yedu ishandurwe tisava vakafanana nenyika ino (Romans 12:1-2).
- H.** Kuda kwaMwari kuti tifanane nemufananidzo waKristu (VaRoma 8:28-29). Mutendi wose *anodamwa* kuti ave wakafanana naKristu (vaEfeso 4:1, 11-12).
1. Izvi zvinotangira paruponeso (1 Timotio 2:3-4, 2 vaKorinde 4:3-6, vaKorose 3:10). Izvi zvinoisa mufananidzo waKristu mukati medu.
 2. Izvi zvinoenderera nekuzvitsaura pakuzvinatsa (1 Petro 4:1-2, 2 vaKorinde 3:18). Izvi zvinoburitsa mufananidzo waKristu kuburikidza nesu.
 3. Izvi zvichazozadzikiswa nekushandurwa kwekubwinya (vaEfeso 1:3-14, 1 John 3:1-2). Uyu ndiwo mufananidzo wekupedzisira wekufananidzwa naKristu.

Kuda kwaMwari hakusingori pamusoro *pezvatinoita* asi *zvatiri*. Vanhu pavanotarisa kuoneka kwemunhu kunze, Mwari vanotarisa moyo (1 Samueri 16:7). Kuda kwaMwari kunopfuura zvatinoita bedzi kuchisvikira kwakadzika kwendangariro dzedu uye nezvinangwa zvemoyo dzedu (vaHeburu 4:12).

III. Ko zvimwe zvikamu zvekuda kwaMwari zvandisina chokwadi nazvo ?

- A.** Chakakosha pakunzwisisa maringe nehurongwa hwaMwari hwehupenyu hwedu sedungamunhu, kubatisisa nekuteerera zvikamu zvekuda kwaMwari zvatinonzwisisa izvo zvakaburitswa pachena kwatiri muShoko rake (Johani 7:17, vaRoma 12:1-2). Usanyanya kutambudzwa nezvikamu izvo zvisina kuburitswa pachena! Batirira nekusimbirira pakuteerera izvo zvaunoziva nekudaro Mwari vachakutungamirira muzvikamu zvausina chokwadi nazvo.
- B.** Mwari vanonditungamirira sei mukuziva kuda kwake muhupenyu hwangu kwezuva nezuva?
1. Mwari vanoshandisa Shoko ravo kutiratidza nekusimbisa kuda kwavo muhupenyu hwedu kwezuva nezuva sevanhu vakazvimirira. (Mapisarema 119:105). Nekudaro izvi zvakosha kuti tiverenge Shoko rake nguva nenguva uye kugara pasi pemharidzo.
 2. Mwari vanotipa huchenjeri hwekuziva nekuita kuda kwake (Jakobo 1:5). Huchenjeri kuita izvo zvinodzidziswa neShoko raMwari kunyangwe pasina pachena pazvinorairwa kana kutemerwa muMagwaro.
 - a. Izvi zvinosanganisa kutsvaga dzidziso nehwaro kune vatungamiri pamweya, vanehuchenjeri, vakaiswa naMwari muhupenyu hwako (zvinoreva mufundisi, vabereki, kana vamwe vatendi vanoratidza kukura pamweya) Zvirevo 11:14).

Mibvunzo yechidzidzo 12

1. Mwari vakatiradza sei pachena zvizhinji zvinechekuita nekuda kwake muhupenyu hwedu?
2. Chidzidzo chino chaburitsa zvikamu zvinomwe zvekuda kwaMwari izvo zvavanotiburitsira pachena muMagwaro. Nyora izvi pazasi .
 - a.
 - b.
 - c.
 - d.
 - e.
 - f.
 - g.
 - h.
3. Ndeipi nzira yatinokwanisa kunzwisisa kuda kwaMwari kwezuya nezuya muhupenyu hwedu?
4. Ndezvipi zvinhu kana vanhu vatinokwanisa kushandisa kuti tinzwisise kana tirikuzoita kuda kwaMwari muhupenyu hwedu zuva nezuya ?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 12

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

Naisvovovo ndinokukumbirai zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi dzaMwari kuti muiise miviri yenyu, chive chibairo chipenyu, chitsvene, chinofadza Mwari ndiko kunamata kwenyu kwemoyo: Musaenzaniswa nenyika ino, asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, kuti muidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka, kunofadza, kwakakwana. vaRoma 12:1-2

*Ivai nekuwonga pazvinhu zvose: nokuti ndiko kuda kwaMwari kwamuri munaKristu Jesu.
1 vaTesaronica 5:18*

Chidzidzo 13:

Kuda kwaMwari, Chikamu 2

Ndogara ndiri mukuda kwaMwari sei?

Kuda kwaMwari muhupenyu hwedu hachisi chinhu chinonetsa kubata kana kusvika pachiri. Kuda kwaMwari inzvimbo yezororo nerugare patinokwanisa kufarira nechokwadi chekuti tirikumufadza nekuzadzisa chinangwa chehupenyu hwedu (Zvakazarurwa 4:11). Tisingakanganwewo zvakare kuti mhandu inenge ichizama nguva nenguva kutibvisa pakuda kwaMwari.

- I. Ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvingakawanisa kundibvisa kubva pakuda kwaMwari?**
 - A. Chivi.** Nzira irinyore kutibvisa pakuda kwaMwari inzira yechivi.
 - B. Kunonokerwa.** Kumirira nguva yakakodzera chinhu chakakosha kunaMwari (vaGaratiya 4:4).
 - 1.** Mwari vanoda timirire paari. (Mapisarema 25:21, 27:41, 40:1).
 - 2.** Rangarira miedzo yaDhiyabhorosi kunaKristu muna Mateo :8-11. AChinhu chakanaka sei (sekuti Kristu atonge marudzi ose enyika ino) asi panguva isina kufanira (Satani apo anoedza kupa Kristu marudzo ose aya) izvi zvinokwanisa kukanganisa kuda kwaMwari kwatiri.
 - C. Nzira dzisakafanira.** Nzira dzatinoshandisa kuita nazvo zvinhu zvedu dzakakosha kunaMwari.

1. Mwari vaida kuti Abrahama ave nembeu, asi kwete nenzira yaHagai (Genesisi 16:1-3). Mwari vakavimbisa Jacobho kuti aizowana ropafadzo yababa vake, asi kwete nenzira yehunyengeri yakatorwa namai vake (Genesisi 27:22-29).
2. Nzira dzaMwari hadzisi dzehunyengeri kana dzekumbunyikidza pfungwa.

D. Zvikonzero zvisakafanira. Mwari vanobatikirawo kunyangwe zvikonzero zvatinoitira zvinhu.

1. Isiraeri yaida mambo kuti azovatonga kuti vange *vakafanana* nemamwe marudzi (1 Samueri 8:5). Mwari akanga avimbisa kupa Israeri mambo (Genesisi 49:10, Dutoronomio 17:14-20), asi kwete nechinangwa chekuyanana nemamwe marudzi (Numeri 23:9).

E. Hunhu husakafanira. Kuda kwaMwari kwatiri kunosvika kunyangwe pamweya nehunhu hwedu.

1. Rangarira kuti Mwari vakakosherwa *nezvatirin*zvimwechetewo *nezvatinoita*. Mweya nehunhu hwedu hunechekuita *nezvatiri*.
2. Zvinhu zvinogona kuita zvinhu zvakanaka - zvakafanana kuzvichengetedza nekuzvichenesa kusaita zvepabonde kunze kwewanano (1 vaTesaronika 4:3-4) - asi munhu agova nekugununa una uye kusagutsikana nekuda kwaMwari (sekuti kugara usiri muwanano).
3. Kugutsikana kwedu kunowanikwa munaKristu (vaHeburu 13:5). Kuva nehukama naye kunofanirwa kunga kwakakwana kuti uve nemweya nehunhu hwakanaka zvisinei nezvakakukomberedza

II. Ko ndikakanganisa?

Vazhinji vedu takambosangana nekukundikana kukuru pakuita kuda kwaMwari. Kana uchinge wakundikana kuzadzisa kuda kwaMwari, tendeuka pakukanganisa kwako, wopupura kukundikana kwako kwaari, woenderera mberi (1 Johani 1:9). Kuda kwaMwari hachisi chinhu chekuti ukatochipotsa zvapera asi mukana unogara uripo kana tikaita kuda kwake.

III. Mwari Vanoda Kuti Tizive Nekuita Kuda Kwavo

- A. Mwari vanoda kuti uzive nekuzadzisa kuda kwavo zvimwechetewo uye kana kutopfura kuziva kwako (vaFiripi 2:13, vaEfeso 5:17, vaaKorose 1:9).
- B. Mwari havatiratidze hurongwa hwese hwehupenyu hwedu kamwechete.
 - 1. Dai Mwari vaizodaro, dzimwe nguva izvi zvaizotiremera kuzvinzvisisa nekuzvitakura. Dzimwe nguva tinenge tisati tagadzirira kuziva (Johani 16:12).
 - 2. Mwari vanoda **kuti** titsungirire nekufamba mukutenda tichivimba naye pane zvatisinganzwisisi (vaFiripi 4:6-7).
- C. Unokwanisa kumira zvakanaka uye zvakazara mukuda kwaMwari (vaKorose 4:12), uyeMweya Mutsvene anenge achinamatira zvinhu izvozvo (vaRoma 8:27).

Mibvunzo yechidzidzo 13

1. Nyora zvinhu zvishanu zvinokwanisa kutibvisa pakuda kwaMwari.
 - a.
 - b.
 - c.
 - d.
 - e.
2. Unofanirwa kudini kana uchinge wapotsana kana kubva pakuda kwaMwari muhupenyu hwako?
3. Sei Mwari vasingationese zvose pamwechete pamusoro pehurongwa hwake nehupenyu hwedu?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 13

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

Nekuti ndiye Mwari unoita mukati menyu kuda nekuita nekuda kwake kwakanaka . vaFiripi 2:13

Imi Ishe, Mwari wedu, makafanira kuti muvigrwe kubwinya, nokukudzwa, nesimba, nekuti ndimi makasika zvinhu zpose, zvakavapo, zvikasikwa nekuda kwenyu Zvakazarurwa 4:11

Chidzidzo 14: Kugadzirisa Chivi

Ndinokwanisa nechikuriri sei kuchivi muhupenyu hwangu?

Mutendi wese anemhandu nhatu dzake dzepamweya: nyika, nyama, naDhiyabhorosi. Mhandu nhatu idzi dzinoshandidzana pamwechete nguva dzose kuedza kukanganisa mufaro wedu nekukanganisa basa ratinoitira Ktitsu nenzira yekutipinza muchivi. Jesu Kristu vakakenda kumuchinjikwa kuti vagadzirise chivi. Nekutenda muna Jesu Kristu, chivi chose chatakaita kunyangwe chatisati taita chakabhadharwa uye chakaregererwa. Asi kana tichiri munyama, ticharamba tichirwa nechivi. Chinangwa chechidzidzo chino kukubatsira kunzwisisa pamusoro pechivi kuti chivi chakamira sei, nekuti ungava nechikuriri nenzira ipi uye kuti chivi chinoitei muhupenyu wedu kana tichinge tapinda mukuedzwa.

I. Chii chinonzi chivi?

Aripo Magwaro mazhinji anotibatsira kunzwisisa kuti chivi chinhu chakamira sei.

A. Chivi zvinosanganisira zvakaipa zvatinoita .

1. Chivi kudarika nekutyora murairo (1 Johani 3:4)
2. Chivi chinhu chese chisakafanira (1 Johani 5:17).
3. Chivi chinhu chese chinoitwa pasina kutenda (vaRoma 14:23).

B. Chivi chinosanganisira kukundikana kwedu kuita zvinhu zvakanaka zvatinoziva kuti tinofanirwa kunge tichizviita, zvinosanganisira kunyengetera, kupupura, kupa vanoshaiwa, nekuverenga Bhaibheri (Jakobo 4:17).

II. Seiko ndichipinda muchivi?

Tine nhaka yatakatora inotindonzera kuchivi irimatiri (vaRoma 7:18,21).Asiwo kunyangwe zvakadaro, HATIFANIRWI kupinda muchivi (Johani 8:11, 1 vaKorinde 15:34, 1 Johani 2:1). Chivi kuburikidza nekunge tadhonzzerwa mumuedzo nekuda kweruchiva rwenyama yedu (Jakobo 1:13-15). Miedzo iyi inouya nenziira nhatu. (1 Johani 2:15-16).

- A. Ruchiva rwenyama – Izvi ndizvo zvakasangana naEve paanowona kuti muti “wakanga wakanaka kudya” (Genesisi 3:6). Jesu Kristu wakaedzwawo nenzira imwechetewo paanonzi achinje matombo kuita chingwa kuti azvipe chokudya kubata nzara. (Mateo 4:3).
- B. Ruchiva rwemeso – Izvi ndizvo zvakabata Eve paakawona kuti muti “waifadza kumeso” (Genesisi 3:6). Ishe Jesu Kristu wakaedzwawo nenzira imwechetewo Dhiyabhozi paanomuratidza hushe hwese hwepanyika (Mateo 4:8).
- C. Kuzvikudza kwehupenyu – Izvi ndizvo zvakaedza Eve paakaona kuti muti wakanga “wakanaka kupa munhu huchenjeri” (Genesisi 3:6). Zvimwechetewo, Kristu wakaedzwa kuti azvikande kubva pakareba pamusoro petemberi kuti ngirozi dzizomugamha (Mateo 4:6).

Muzvitatu zvese izvi, Eva wakapa mumuedzo. Asiwo kunerumwe rutivi, muzvikamu zvese zvirizvitatu Jesu Kristu akakunda miedzo yaDhiyabhorosi akatisiira muenzaniso kwatiri (vaHeburu 4:15-16).

III. Mwari vanoshanda sei nezvivi zvangu ?

- A.** Mwari vakashanda nezvivi zvako nekuzvitonga panaKristu pamuchinjikwa (2 vaKorinde 5:21). Izvi zvinotipa kuregererwa zvivi zvedu zvose zviripamutemo – zvekare, zvinguva ino, nezvinouya (vaKorose 2:13, 1 Johani 2:12).
- B.** Kunyangwe chivi chako chisingakubvisi mumhuri yaMwari, Anozoshanda newe sababa vanerudo vanoda mwana wavo, nekukudzora neshamhu (vaHeburu 12:5-11).
- C.** Zvese zvatinoita zvine mubairo. Kunyangwe uka kumbira nekusiya chivi chako, Mwari vanokusiya kuti ukohwe zvaunenge wakasima (vaGratiya 6:7-8).

IV. Chii chandinorasikirwa nacho nekuda kwechivi changu?

Kunyangwe usingakwanise kurasikirwa nehupenyu husingaperi, zvirpo zvinhu zvinokanganisiswa pakuramba munhu achienderera mukusateerera Shoko raMwari

- A.** Unokaanisa kurasikirwa nemufaro (Mapisarema 51:12).
- B.** Unokwanisa kurasikirwa nechapupu (Genesisi 19:14).
- C.** Unokwanisa kurasikirwa nemibairo yako (2 Johani 8).
- D.** Unokwanisa kurasikirwa nehutano hwako (1 vaKorinde 11:30).
- E.** Unokwanisawo zvakare kurasikirwa nehupenyu hwako (1vaKorinde 11:30).

V. Ndinokwanisa kukurira chivi sei ?

- A.** Buda pachena kunaMwari pamusoro pechivi chako. Iva uchichenjerera kuita kwako kose nekureurura zvivi zvako (1 vaKorinde 11:31-32, Zvirevo 28:13, 1 Johani 1:9).

- B. Usazviisa panzvimbo yaunoziva kuti unopedzisira wave mumuedzo (Mateo 6:13, vaRoma 13:14).
- C. Usatendera ndangariro dzakaipa kuti dzitungamire pfungwa dzako (2 vaKorinde 10:5).
- D. Famba muMweya, zviise muviri wako kunaKristu, uchiziva kuti wakafa muchivi, asi mupenyu kunaMwari (vaGaratiya 5:16, vaRoma 6:11-13).
- E. Funga pamusoro pezviri muShoko raMwari (Mapisarema 119:9, 11, 2 vaKorinde 7:1). Ucharangarira nzira dzakashandiswa naKristu kukunda miedzo ya Satani?
- F. Kumbira Ishe rubatsiro pane zvaurikuda kukunda (vaHeburu 2:18, 4:15-16).
- G. Paunoedzwa, tora nzira yaMwari yekutizira (1 vaKorinde 10:13).
- H. Dzidza kuvenga chivi icho chinogara chakakukanganisa (Zvirevo 8:13, Mapisarema 119:104).
- I. Zviparadzanise **kubva** kune zvakaipa zvenyika ino (2 vaKorinde 6:14-18) uye uzviparadzanise **uchizviisa** kuzvinhu zvaMwari (vaRoma 1:1, vaEfeso 4:28, 1 vaKorinde 16:15).

Mibvunzo yechidzidzo 14

1. Ndedzipi nzira nhatu miedzo inouya nadzo?
2. Jesu Kristu wakakunda miedzo yaDhiyabhoru sei kuna Mateo 4?
3. Mutendi anokwanisa kurasikirwa neruponeso rwake here kana achinge apinda muchivi? Mutendi anorasikirwa nei kana akapinda muchivi?
4. Sei Mwari vachidzora vana vake neshamhu (vaHeburu 12:6)?
5. Mwari vakavimbisa kuita sei patinosangana nekuidzwa (1 vaKorinde 10:13)?
6. Ndezvipi zvinhu zviviri zvatinofirwa kuita pakuzviparadzana? Ipa mienzaniso yemashandiro azvinoita kwauri?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 14

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

Saizvozvvo nemiwo muzviti makafa kuzvivi, asi kuti murivapenyu kunaMwari, munaKristu Jesu vaRoma 6:11

Nekuti hatinomuprisita mukuru usingagonikutinzwira tsitsi pahutera hwedu, asi wakaidzwa pazvinhu zvoze sesu asinezvivi.
vaHeburu 4:15

Shoko renyu ndakariviga mumoyo wangu ,kuti ndirege kukutadzirai. Mapisarema 119:11

Chidzidzo 15:

Rusunguko munaKristu

Sezvo zvivi zvangu zvakaregererwa zvose, zvinoreva here kuti ndakasununguka kuita chero zvandinoda?

Nyasha dzaMwari dzakakura kupfuura chivi chedu (vaRoma 5:20). Sevatendi veTestamente Itsva, hatisi pasi pemurairo, asi pasi penyasha (vaRoma 6:14). Takaponeswa nekuchengetedzwa nekusingaperi, kwete kuburikidza nezvatakaita, asi kuburikidza nezvakaitwa naKristu panzvimbo pedu. Chinusuwisa vamwe vanoshaisa chokwadi ichi chakanaka kudai sezvikonzero zvekuti vazviraramire madiro avo. Chidzidzo chino chakagadzirirwa kukubatsira kunzwisisa kwakakwana kwerusunguko rwako muna Jesu Kristu.

I. Rusununguko rwako munaKristu runokupa kusununguka kuita kuda kwaMwari, Kwete kuita Chivi!

- A.** Unosunungurwa *kubva* kuchivi kuti ukwanise kuita zvakanaka, kwete kuita zvaunonzwa kuda (Johani 8:36, vaGaratiya 5:1, vaRoma 6:12-18, 8:2-4).
- B.** Tinosunungurwa munaKristu kuti tishandire Ishe nevamwe (1 Petro 2:16). Hatifanirwi kumbunyyikidza rusununguko rwatakapihwa kuzadzisa ruchiva rwenyama dzedu (vaGaratiya 5:13).

II. Kutadza Kushandisa Rusununguko Rwako Nenzira Yakanaka Kunokwanisa Kukanganisa Vamwe Zvikuru.

- A.** Hupenyu hwako hunokwanisa kukanganisa vamwe vanhu zvikuru. Unokwanisa kuva nechapupu chakanaka kana chakaipa, hazvigoni kuva pakati (vaRoma 14:7).
- B.** Unofanirwa kuedza kusaita zvinhu zvinokwanisa kukonzera kudonha kwemumwe mutendi kana hama yako isati yasimba pakutenda (vaRoma 14:13-15, 1 vaKorinde 8:9-13).

C. Unofanirwa kuedza kusaita zvinhu zvinogona kuonekwa sezvakaipa kunyangwe pachokwadi zvisina kuipa (1 vaTeslaronica 5:22).

D. Kunofanirwa kuva kuda kwemutendi wese kuchengetedza chapupu chakanaka kune vamwe vanotenda kunyangwe vasigatendi. (Mabasa 16:1-2, 11:22-24, vaKorose 4:5, 1 vaKorinde 9:19-23).

IV. Kunyangwe usiri pasi pemurairo, unofanirwa kukurudzirwa kuita zvakanaka neRudo.

MuTestamente Itsva , Rudo ndiyo mhinduro kumurairo. Izvi zvinotipa miganhwa yakanaka kune munhu wese anekufunga kwakakwana, pahukama hwese hwatinahwo. Tarisa Mateo 22:37-40, vaRoma 13:8-10, vaGaratiya 5:13-14, 6:2.

V. Tinofanirwa kuita kuti Mweya Mutsvene atitungamirire muzvinhu zvose zvatisinganzwisise.

Pane zvinhu zvakanorwa muMagwaro zviripachena kwozoitawo zvimwe zvekuti Magwaro haaburitse pachena kuti zvakanodzera kana zvisina kukodzera kuitwa. Asiwo, kunyangwe zvinonzi “hazvinzwisise” Magwaro anotipa Mweya Mutsvene kuti atipe nzira nekutungamirira zvichienderana nezvakatikomberedza zvaturikusangana nazvo. Pazasi wakapiwa mibvunzo mizhinji yaunokwanisa kuzvibvunza munguva dzaungasangane nezvinhu zvekuti Shoko raMwari haribude pachena:

A. Handisi here kuiswa pasi pesimba rimwe risingafanirwa kunge richitungamirira hupenyu hwangu? Tarisa 1 vaKorinde 6:12.

B. Ndiri kuzvivaka here kana hama yangu iri pedyo? Tarisa 1 vaKorinde 10:23.

C. Ndaizokwanisa kukumbira Mwari kuti vakomborero here kuita uku uye nehana yakachena? tarisa vaKorose 3:17, Mabasa 24:16.

- D.** Dai Ishe vaizodzoka munguva ino, ndaisazoniyara here nekuita kwakadai? tarisa 1 Johani 2:28, 1 vaTesaronica 5:23.
- E.** Hazvizokonzeri hama yangu kuti idonhe here pakutenda kwayo? tarisa vaRomans 14:13-15, 15:1-2.
- F.** Hazvizokonzeri here munhu akarasika kuti arambe Jesu Kristu? tarisa 1 vaKorinde 10:31-33.
- G.** Hana yangu haisikunditonga here pakuita kwakadai uku? tarisa 1 Petor 3:16, vaHeburu 13:18, 1 Timotio 1:5.
- H.** Chii chakanaka pakuita uku chandingatendera muhupenyu hwangu? tarisa vaFiripi 4:8.

Izvi zvinongoitika chete kuburikidza nekufamba nguva dzose naIshe Jesu Kristu nesimba reMweya Mutsvene kuti tikwanise kunge takasimba kuchengeta kusununguka kwedu munaKristu nekubatikirawo zvinoda vamwe (2 vaKorinde 3:6, 17).

Mibvunzo yechidzidzo 15

1. Zvinorevei kuti kuva nekusununguka munaKristu?
Takasunungurwa kubva kuchii?
2. Kushandisa kusununguka kwako nenzira isiyo kunokwanisa
kukanganisa mumwe wako nenzira ipi yakaipa?
3. Tinokwanisa kuziva sei nzira yekutora pakuita zvinhu zvekuti
Shoko raMwari haritiudze pachena ?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 15

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

NaiꞆvoꞆvo kana muchidya, kana muchinwa, kana muchiita chinhu chipi nechipi itai Ꞇvose kuti Mwari akudꞆwe. 1 vaKorinde 10:31

Nekuti imi hama dzangu, makadanirwa kusunguka; asi kusununguka kwenyu ngakurege kuwa nzira yenyama asi batiranai nerudo vaGaratiya 5:13

Chidzidzo 16:

Kupupurira Kristu

Semwana waMwari, ndine basa rei kuudza vamwe pamusoro peMuponesi wangu?

Semutendi, tinokwanisa kufara nekutenda kuti mumwe munhu akauya akatiudza pamusoro paJesusu Kristu. Vatendi vakasiyana vane maitiro nenzira dzakasiyana, kugoverwa kwaksiyana, nezvipa zvakasiyana, asi mutendi ane basa rekuvachapupu chaKristu Jesu kune vamwe. Chidzidzo chino chakagadzirwa kukubatsira kukuonesa basa rako rekuupura uye nenzira dzinokwanisa kukubatsira kuzviita nemazvo.

I. Basa remutendi wese.

- A. Murairo wekupedzisira Ishe Jesusu Kristu vakapa vateeri vake vasati vadzokera kudenga kuna Baba kuti tidzidzise nekuparidza Evangeri kune vamwe (Mateo 28:19-20, Mako 16:15, Ruka 24:47-48, Mabasa 1:8).
- B. Iri rinodanwa kunzi basa rekuyanana kuna 2 vaKorinde 5:18. Tarisisa kuti basa iri ibasa *rekutaura* (2 vaKorinde 5:19).
- C. Mwari vanoshandisa vanhu semidziyo (zvakananana newe neni) kuunza vakarasika kunaKristu (Zvirevo 11:30, 1 vaKorinde 4:15, 7:16, 9:22).

II. Iva wakagadzirira kutaura

Vatendi vazhinji vanoshaiwa kusimba nehuchenjeri hunodiwa pakutaura nevamwe pamusoro peEvangeri. Kana riri basa redu kunge tichipupura Kristu, zvinorevawo kuti ibasa redu kuzvigadzirira kutaura kana mukana uchinge wasimuka (1 Petro 3:15).

- A. Unofanirwa kuziva kuti Evangeri chii, sezvo chiricho chinhu chatiri kupupura pamusoro pacho. Evangeri inotsanangurwa muTestamente Itsva kuna 1 vaKorinde 15:3-4. Unofanirwa kuva nechokwadi chekuti mutadzi akatenda kuEvangeri anoponeswa zvirokwasvo (vaRoma 1:16).
- B. Unofana kunge wakagadzirira Shoko raMwari, sezvo kutenda kuchiuya nekunzwa ,kunzwa kubva kuShoko raMwari! Ipfungwa yakanaka kuti unyore magwaro nekutara ndima dzaungada kushandisa kutungamirira munhu kunaKristu. Unofanirwawo zvakare kuedza kuchengeta ndima idzi mumoyo izvi zvinozokubatsira paunenge usina Bhaibheri. Unokwanisa kutangira pane “Nzira YeVaroma”: vaRoma 3:23, 6:23, 5:8, 10:9-10.
- C. Rangarira kufamba nemapepa eEvangeri pauri (muhomwe kana bhegi rako) kuti ukwanise kuzopa vanhu avo vaunokwanisa dzimwe nguva kushaya mukana wekutaura navo uye akakoshawo pakutanga nhaurirano.
- D. Rangarira kuti munhu wese anoda kuponeswa. Dzidza kuona vanhu semweya ichagara nekusingaperi inofanirwa kubarwa patsva kuti isaende kuGehena.

III. Zvinangwa zvekupa Evangeri.

Chiripo chokwadi chinofana kunzwisiswa nemunhu akarasika kuti azoponeswa. Pazasi wakapiwa zvakakosha zvirinyore zvinofanirwa kutaurwa paunenge uchiedza kutungamirira munhu kunaKristu.

- A. Unofanirwa kuratidza munhu kuti iye mutadzi uye chivi chake chakamuparadznisa naMwari.
 1. Magwaro anokodzera – vaRoma 3:10, 23, Jakobo 2:10.

2. Mirairo ineGumi (Exodo 20:1-18) inoshanda sechinhu chakakosha kuburitsira munhu hutadzi hwake (1 Johani 3:14).
- B.** Unofanirwa kuratidza munhu kuti kune mubairo wechivi chake unova iwo mubairo werufu .
1. MaGwaro anokodzera: vaRoma 6:23, Zvakazarurwa 20:14-15, 21:8.
- C.** Unofanirwa kuratidza munhu kuti Jesu wakabhadhara mubairo wechivi chake .
1. MaGwaro anokodzera: 1 Petro 2:24, 3:18, 1 vaKorinde 15:3, 2 vaKorinde 5:21.
 2. Zvakakosha kuti munhu anzwisise izvo kuti Kristu akanga asina chivi. (1 Petero 2:22, vaHebhuru 4:15).
- D.** Unofanirwa kuratidza munhu kuti ruponeso kuburikidza nokutenda chete , pasina mabasa.
1. Magwaro anokodzera: vaEfeso 2:8-9, vaGaratiya 2:21, 3:24, vaRoma 3:24.
- E.** Unofanirwa kuratidza mutadzi kuti iye mutadzi anofanirwa kugamuchira Kristu pachake nekutenda .
1. Magwaro anokodzera: Johani 1:12, vaRoma 10:9-10, Mabasa 16:31.
 2. Kana munhu achinge anzwisisa izvi nekubatwa pamoyo kwekuda kwake Kristu muhupenyu hwake, unokwanisa kumukurudzira kuti agamuchire Kristu pachake saIshe naMuponesi wake (vaRoma 10:13-15).

IV. Kupa chapupu chokuponeswa kwako.

Chinhu chakanyanya kukosha uye chinesimba chaunacho iwe semutendi, ichapupu chekuponeswa kwako. Kunyangwe usina chokwadi nekugona kutsanangura magwaro anotsanangura Evangeri, kana pamwe dzimwe nguvawo munhu uyu haasi kugamuchira Magwaro pakutanga, unokwanisa kumuudza chapupu chazvakaitwa naKristu muhupenyu hwako.

- A.** Pane zvikamu zvitatu kune chapupu chemunhu wese akaponeswa, semuenzaniso watinoona kuna muApostora Pauro kuna Mabasa 26.
 - 1.** Hupenyu hwako usati waponeswa (Mabasa 26:4-5, 9-11). Uyu ndiwo mukana wekuudzawo munhu kuti iwe waitombowavo mutadzi aitodawo Muponesi.
 - 2.** Kutu wakaponeswa sei (Mabasa 26:12-18). Uyu ndiwo mukana wekuudzawo munhu kuti wakatenda panaKristu ega Akakuponesa mweya wako.
 - 3.** Hupenyu hwako mushure mekunge waponeswa (Mabasa 26:19-23). Uyu ndiwo mukana wako wekuudza munhu musiyano wakaunzwa naKristu muhupenyu hwako uye kuti wave munzira yako kuenda kudenga.

V. Pfungwa dzinokwanisa kukubatsira

- A.** Nyora ndima muBhaibheri rako. Hakuna chinesimba kupfuura Shoko raMwari.
- B.** Namatira mweya yakarasika. Uchazochenjerera uye kubatikana pamoyo pamusoro pemweya dzaunenge wanamatira.
- C.** Ipa mapepa Evangeri. Kunyangwe usinganzwi zvakafanira kutaura kutaura dzimwe nguva, unokwanisa kupa mapepa anotaura nezveEvangeri muzvinyorwa.

Mibvunzo yechidzidzo 16

1. Ibasa raani kuva chapupu? Ipa Magwaro anosimbisa.
2. Evangeri inotsanangurwa sei muShoko raMwari?
3. Inhanho dzipi dzaunokwanisa kutora kugadzirira kupa munhu Evangeri ?
4. Ndezvipi zvinhu izvo Mwari vakatsiira kuti tiratidze vanhu kuti ivo vatadzi pamberi paMwari?
5. Ndezvipi zvikamu zvitatu zvechapupu cheruponeso?
6. Doma zvinhu zvishanu zvawadzidza kubva muchidzidzo zvaunofanirwa kuratidza munhu kuti aponeswe?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 16

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

*Akati kwavari, Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose
Evangeri Marko 16:15*

*Asi itai Kristu mutsvene mumoyo menyu ave Ishe: mugare
maka zvigadzirira kupindura mumwe nemumwe anokubvunzai
pamusoro petariro iri mukati menyu: asi muchiita nehunoro
nekutya 1 Petro 3:15*

*Asi vose. vakamugamuchira, wakavapa simba kuti vave vana
vaMwari, ivavo vanotenda kuzita rake: Johani 1:12*

Chidzidzo 17:

Musha neMhuri

Semutendi , basa rangu nderei kune vemhuri yangu?

Musha ndiro sangano rekutanga rakaitwa naMwari uye ndiyo nheyo kune mamwe masangano ese akaitwa naMwari. Musha ndiyo nzvimbo yekutanga inoratidzwa kuita kwekutenda kwedu. Kana mutendi asingarakidzi kutenda kwake nemhuri yake, anenge asiri mutendi wezvokwadi. Pfungwa yechidzidzo chino kukupa kunzwisisa kweBhaibheri nekukosha kwebasa neyanano kwemusha wevatendi.

I. Hukama HweWanano

Pakati pemusha tinoona mubatanidzwa wemurume nemudzimai. Wanano kuita nekugadzira kwaMwari kunofanirwa kuitwa maringe nenzira yake kuti pave nemufaro (Genesisi 2:21-24).

- A. Wanano inoitika pamusoro pemunhurume nemunhukadzi (vaRoma 1:26-27). Izvi zvinoramba kuroorana kwevanhu rume voga kana vanhu kadzi.
- B. Wanano inofanirwa kuitika pakati pemurume *mumwechete* nemudzimai *mumwechete* (Maraki 2:15). Izvi zvinorambidza barika.
- C. Zvepabonde zvose zvinofanirwa kuitwa mukati mewanano kwete kunze kwewanano (vaHeburu 13:4). Izvi zvinorambidza kusazvibata kwezvepabonde kune vasina kuwanana (1 vaKorinde 6:15-18, Zvirevo 6:32).
- D. Wanano yakagadzirwa naMwari kuti vaviri vagare vese zvachose (Mateo 19:6-9). Mwari vakavenga kuparadzana kwevakawanana (Maracki 2:16).
- E. Mwari vanotiyambira pamusoro pekuroorana vanhu vane kutenda kwakasiyana (2 vaKorinde 6:14, 1 vaKorinde 7:39). Mutendi anofanirwa kungoororana nemumwe mutendi.

II. Chikamu nebasa remurume muwanano.

Murume anofanirwa kuva “musoro” wemusha (vaEfeso 5:23) uye hukama hwake nemudzimai unofananidzwa nehukama hwaKristu nekereke kuna vaEfeso 5.

- A.** Anofanirwa kuda mudzimai wake sezvo Kristu wakada kereke (vaEfeso 5:25, 28-29).
- B.** Anofanirwa kumutsaura nekumuchenesa nemashoko ake (vaEfeso 5:26-27).
- C.** Anofanirwa kuchenjerera uye kusachengeta chigumbu kumudzimai wake (vaKorose 3:19).
- D.** Anofanirwa kugara naye zvine zivo nekumunzwisisa (1 Petro 3:7).
- E.** Anofanirwa kuremekedza mudzimai wake (1 Petro 3:7).
- F.** Anofanirwa kuva mutungamiri pamweya kumudzimai nevana vake achinamata navo nekuvadzidzisa Shoko raMwari (1 Petro 3:7, 1 vaKorinde 14:35).

III. Chikamu nebasa remukadzi muwanano.

- A.** Mukadzi anofanha kuzviisa pasi pemurume wake (1 Petro 3:1, 5, vaEfeso 5:24). Izvi hazvirevi kuti mukadzi aripasi pakukosha, asi zvinongoreva izvo kuti anozviisa pasi pehungamiri hwemurume wake nemoyo unoda. Kristu wakaka akaenzana naMwari, asi waizviisa pasi pemasimba ekuda kwaBaba kuti ave makomborero kune vanhu vepanyika (1 vaKorinde 11:3, 11).
- B.** Anofanirwa kuremekedza murume wake (vaEfeso 5:33).

- C. Anofanirwa kuva nemweya wakazvirereka nekuva nehunyoro (1 Petro 3:4). Uyu mweya wakadai unogadzirisa matambudziko akawanda pane kuti azame kugadzirisa murume wake nekutaura kwakanyanya (murume anokuona se “kunyunyuta”).
- D. Anofanirwa kuva akachena (1 Petro 3:2, Tito 2:5).
- E. Anofanirwa kuva mutariri wepamba (Tito 2:5).
- F. Anofanirwa kuteerera murume wake (Tito 2:5).
- G. Anofanirwa kuva nerudo kumurume wake pamwechete nevana (Tito 2:4).

IV. Basa nechikamu chevabereki

- A. Vanofanirwa kudzidzisa vana nzira yavanofanirwa kunge vachifamba nayo (Zvirevo 22:6).
- B. Vanofanirwa kudzora vana vavo (1 Samueri 3:13).
- C. Vanofanirwa kudzora, kuranga nekuraira vanavavo nenzira ine shamhu payakakodzera (Zvirevo 19:18, 23:13-14, 29:15, 17).
- D. Vanofanirwa kuvadzidzisa Shoko raMwari (Dutoronomio 6:6-7, Mapisarema 78:4-7, vaEfeso 6:4).
- E. Havafanirwi kukonzera kutsamwa kana hashu muvana (vaEfeso 6:4, vaKorose 3:21).
- F. Vanofanirwa kuriritira vana (1 Timotio 5:8, 2 vaKorinde 12:14).

V. Chikamu nebasa revana

- A. Vanofanirwa kuteerera vabereki (Zvirevo 1:8, 2:1, 4:1).

- B.** Vanofanira kudaira nekuzviisa pasi pedzidziso yevabereki (vaEfeso 6:1).
- C.** Vanofanirwa kuvakudza (vaEfeso 6:2).
- D.** Havafanirwe kuva nekuzvitutumadza kana kumukira vabereki (Duturonio 21:18-21).
- E.** Vanofanirwa kubatsira vabereki vavo kana vachinge vakwegura (1 Timotio 5:4, Johani 19:26-27, Zvirevo 23:22).

Mibvunzo yechidzidzo 17

1. Ndeipi nzira yatinoona nayo musha uri nheyo kune kereke ne hurumende?
2. Mwari vanemaonero akaitasei pamusoro pekuparadzana kwemurume nemukadzi? Ipa Magwaro anosimbisa.
3. Murume anofananidzwa nei kuna vaEfeso 5? Ndedzipi dzimwe nzira dzaanokwanisa kuzadzisa chikamu nebasa rake ?
4. Zvinorevei kuti mudzimai azviise pasi pemasimba emurume wake? Izvi zvinoreva here kuti mukadzi haana kukosha achienzaniswa nemurume kana panjere ?

Ndima dzekuchengeta mumoyo 17

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

Kuvarume:

Imi varume idai vakadzzi venyu, Kristu sezvaakadawo kereke, akazvipa nokuda kwayo; vaEfeso 5:25

Kumadzimai:

Imi vakadzzi, muzviise pasi pevarume venyu chaivo sezvamunoita kunaShe. vaEfeso 5:22

Kuvabereki:

Rovedzera mwana nzira yaanofanirwa kufamba nayo: ipapo kunyangwe akwegura haangatsauki pairi Zvirevo 22:6

Kuvana:

Imi vana, teererai vabereki venyu munaShe; nekuti ndizvo zvakarurama. Kudza baba vako namai -ndiwo murairo wekutanga unechipikirwa- kuti uitirwe zvakana, ugare nguva refu panyika.
vaEfeso 6:1-3

Chidzidzo 18:

Mari neHupfumi

Hunhu hwangu pakubata mari uye pakupa kunaMwari hunofanirwa kuva wakamira sei?

Kubva kunekereke yekutanga, mumwe wemiedzo mikuru inosangana nevatendi inezvekuita nehunhu hwedu kumari. Kunyangwe dzimwe nguva usinga kwanise kuona zvivi zvemakaro, ruchiva nekuda kuzviwanira, zvivi izvi zvinedambudziko guru pahutano hwedu hwemweya. Hunhu hwakanaka kunaMwari hunoonekwawo pane zve mari dzedu zvakare. Chinangwa chechidzidzo chino kukubatsira kunzwisisa hunhu hwakanaka kune zvemari semutendi uye kupawo kuna Mwari nenzira inodzidziswa neShoko rake.

I. Nyaya hombe haisi mari

Mari chinhu chisingararami. Zvakafanana nekutadza kushandisa pfuti kana banga, zvimwechetewo dambudziko remari harisi panemudziyo mari asi mashandisirwe akaipa achaitwa mari.

A. *Rudo* rwemari ndiwo mudzi wezvose zvakaipa, kwete mari pachayo (1 Timotio 6:10). Mari inokwanisa kuva mudziyo wakanakisa zvikuru kana kuvawo zvakare nzira yekuzviparadza. Musiyano uri pahunhu hwedu maringe nemari.

B. Kukura pamweya hakuyerwi nekuwanda kana kushomeka kwemari. Mwari vakakomborera nekushandisa vakapfuma nevasina. Vakapfuma (saJobho, Josefa weArimatia, na Barnabas) nevarombo zvakarewo (saMaria naJosefa, uye Jesu Kristu). Hausi hupfumi hwako hwemari unoita kuti ukoshe kunaMwari.

II. Usaita kuti mari chive chinhu chaunoisa pekutanga muhupenyu hwako.

Usaita kuti mari iwuye pakati pehukama hwako naMwari. Izvi zvinoreva kuwanda kana kushomeka kwayo mari.

- A. Kuvimba kwako kunofanirwa kuva panaMwari, kwete mumari nehupfumi (Mako 10:23-27, Zvirevo 11:4, 28).
- B. Ita kuti kuda nehana yako ive yakawandira pane zvinhu zvedenga (Mateo 6:19-21, vaKorose 3:1-4).
- C. Usatonge kukura kwemunhu pamweya nehupfumi hwainawo panyama (Ruka 12:15).
- D. Chinangwa chako chihombe muhupenyu hachifanirwi kuva chekuti uve mupfumi mukuru (Zvirevo 23:4, 1 Timotio 6:9).
- E. Rangarira kuti zviripo zvinhu zvizhinji mari isingakwanise kutenga (Zvirevo 15:16, 16:8, 16, 17:1, 28:6).

III. Dzivirira kubva kuruchiva uve nekugutsikana

Jesu Kristu anopa vatendi kugutsikana zvisinei nehupfumi hwavainawo muhupenyu (vaHeburu 13:5, vaFiripi 4:11, 1 Timotio 6:6).

- A. Usakanganwa Mwari kana vachinge vakukomborera nehupfumi (Duturonomio 6:10-12, Zvirevo 30:7-9).
- B. KanaMwari vaizatora hupfumi hwese kubva kwauri izvi hazvifanirwi kushandura hunhu hwako kwavari.(Jobho 1:20-22).
- C. Iva wakamira pahunhu hwakanaka panhau dzemari.
 - 1. Haufanirwi kubatikana pamusoro pemari (Mateo 6:24-25), asiwo munguva imwechete unofanirwa kushanda kuti ukwanise kuchengeta mhuri yako (1 Timotio 5:8).

2. Usava neruchiva pamusoro pehupfumi (1 Timotio 6:9), asi munguva imwechete unofanirwa kutsvaga mubhadharo unoenderana nebasa raunenge waita (1 Timotio 5:18).
3. Haufanirwe kushandisa mari zvisina maturo (Mateo 6:19-20), asi unofanirwa kugadzirira mhuri yako kuitira kumberi (2 vaKorinde 12:14).

IV. Unofanirwa kuzvipira kupa hupfumi hwako kubasa raMwari

Tikachengeta mupfungwa kuti mari mudziyo, saka nekudaro unofanirwa kuva mudziyo wakagadzirira kushanda pabasa raMwari. Izvi zvinova nyore kuzviita kana isu pachedu takazvipira kunaMwari (vaRoma 12:1, 2 vaKorinde 8:5).

- A. Kupa mari kana hupfumi kunaMwari zvinoratidza rudo rwedu kwaari uye nekutenda chipo chechipiriso chatakaitirwa naKristu (2 vaKorinde 8:8-9, 24).
- B. Kupa kunaMwari kunobereka nyasha mumoyo dzedu uyo nekuratidza kubatirira kwedu paari (2 vaKorinde 8:7, 9:8).
- C. Kupa mari kune basa raMwari zvinokupa mukana wekuzviunganidzira makomborero anogara nekusingaperi (vaFirpi 4:17, Mateo 6:19-21).

V. Kupa kunofanirwa kutevera dzidziso dzeTestamente Itsva.

- A. Unofanirwa kupa nehunhu nezvikonzero zvakanaka (2 vaKorinde 9:7, Mabasa 20:35).
- B. Kupa kwako kunofanirwa kuva kwakaenderera, kuri muzvikamu uye zvichiitirwa mukereke yako yenharaunda (1 vaKorinde 16:1-2).

1. Kupa chikamu chegumi pane zvatinowana kukereke yedu yenharaunda inzira yakanaka yekuzvidzidzisa tsika yekupa. Genesisi 14:20).

VI. Kupa kunobatsira kugadzirisa nekufambisa zvinhu zvinodiwa mukereke yenharaunda maringe neShoko raMwari.

- A. Zvinobatsira kune vanoshanda vachibata basa kune Evangeri (1 vaKorinde 9:11-14, 1 Timotio 5:17-18).
- B. Zvinobatsira vanoenda kunoparidzira nzvimbo dzirikure vachitumwa nekereke (vaFiripi 4:15-19).
- C. Zvinobatsira kupawo pane vanoshaiwa, nherera neshirikadzi nevakwegura mukereke (Mabasa 6:1, 1 Timotio 5:9-10, 16).

Mibvunzo yechidzidzo 18

1. Ndedzipi nzira mari ingava inokanganisa pamweya?
2. Chii Ishe Jesu Kristu chavanopa vatendi zvisinei kuwanda kana kushomeka kwehupfumi?
3. Zvii zvaunobatsirwa nazvo pamweya kana uchipa kubasa raMwari ?
4. Kupa kweTestamente Itsva kunofanirwa kutenderera payi?
5. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvinonzi neShoko raMwari zvinoshandiswa kubatsira mukereke yenharaunda patinopa pfuma dzedu?

Ndima dzekuchengeta mumoyo

Chidzidzo 18

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

Handirevi izvozvi nekuti ndinoshaiwa: nekuti ini ndakadzidza kutenda nezvose zvandinazvo. vaFiripi :11

Regai kuzviunganidzira fuma panyika, panezvifunho nengura zvinopedza, nepanembavha dzinopaza dzichiba :Asi muzviunganidzire fuma kudenga, pasinezvifunho nengura zvinopedza, pasinembavha dzinopaza dzichiba Mateo 6:19-20

Mumwe nemumwe ngaaitse sezvaakafunga pamoyo wake, arege kuita nokuchema, kana nokuroverwa; nokuti Mwari unoda munhu anopa nemufaro. 2 vaKorinde 9:7

Chidzidzo 19:

Mushando Nekushandidzana

Ndinofanirwa kuva nehunhu hwakaita sei pamusoro pekushandira raramo?

Mwari vakapa Adhamu basa rekuita chivi chisati chapinda munyika (Genesisi 2:15). Kubva pakusikwa, basa raiva chikamu chakakosha zvikuru kwekurarama kwemunhu panyika. Tinofanirwa kutsvaga kukudza Mwari mumabasa atinoita pakati pevhiki rose nenzira imwechetewo yatinomupa mbiri patinoshumira paruzhinji. Bhaibheri rine zvizhinji, zvinosanganisira vaanoshandira uyewo vanomushandira. Chidzidzo chino chakagadzirwa kukubatsira kunzwisisa hunhu hunotarisirwa neBhaibheri kune vaanoshandira (kana vano kushandira).

I. ChiKristu chinhu che“Nguva Yese”

Mutendi wese anodanwa kuti ave mutendi nekurarama nehunhu hwakadaro nguva dzese (vaEfeso 4:1). Basa raMwari harisikunevashoma vakatsanagurwa, asi kune mwana wese waMwari (vaEfeso 4:12). Mubato wedu wemaoko (nzira yatinoita nayo mari - Mabasa 18:3) haufanirwe kutitadzisa kuvatichishumira kune vamwe, asi unofanirwa kusimbisa kushumira kwedu.

A. Chinangwa chemubato wemaoko “kusimbisa” basa nechikamu chako kumba (1 Timotio 5:8), kukereke yako yenharaunda (vaGaratiya 6:10), uyewo kushumira kunyika (2 vaKorinde 5:18).

B. Kuva netsika yemushando yakanaka chinhu chakakosha muhupenyu hwemutendi uye chinova chapupu chakanaka (1 vaTesaronica 4:11-12, 2 vaTesaronica 3:10-12).

1. Kuburikidza nekushanda nesimba, tinofanirwa kutsvaga kuti tiwane zvose “zvinotikwanira” - zvinotikwanira kuchengeta mhuri dzedu uye nekuti tive makomborero kune vamwe.

2. Basa redu rinofanirwa kuva rakarurama uye risina chipomerwa, risinawo kunyengera (vaEfeso 4:28, Zvirevo 11:1, 3, 21:6). Chenjerera kuita kunoda kukupa mari zhinji pasina simba rawaisa (Zvirevo 28:20, 22, 14:23).

C. Dzimwe nguva basa redu rinotisanaganisa nevanhu vasina kuponeswa. Uyu mukana wakanaka wekuti tive chapupu chaKristu (Mateo 5:14-16, vaFiripi 2:15-16, 2 vaKorinde 3:2, 1 Peter 3:15).

II. Tsvaga kuva mushandi Akanaka nehwaro hweShoko raMwari

Kana uchishandira mumwe munhu, unofanirwa kutsvaga kuratidza hunhu hunokururudzirwa neBhaibheri kune vatungamiriri vako uye nevaunoshandidzana navo.

A. Nzwisisa kuti mushure mazvose unodaira kuna Jesu Kristu. Naizvozvo unofanirwa kutsvaga kushandira Kristu kuita sekunge ndiye mutungamiri wako pabasa rako (vaEfeso 6:5-8, vaKorose 3:22-24).

B. Ratidza rukudzo kune hutungamiri hwako nekuzviisa pasi pemasimba avo uye kuita zvavanenge vareva (Tito 2:9).

C. Ita basa rako nemazvo zvisina hunyengeri (Tito 2:10, 2 vaKorinde 8:21).

D. Ita basa rawakabhadharirwa kuita nemazvo usakanganiswe kana kumiswa nevammwe vashandi (1 vaTesaronica 4:11).

E. Shanda nesimba uchitsvaga kubudirira kwemunhu wauri kushandira (vaRoma 12:11, 1 vaKorinde 10:24). Funga pamusoro pehunhu hwaJosefa semuenzaniso.

III. Tsvaga kuva mutungamiri akanaka nehwaro hwehoko raMwari.

Kana uchitungamira kana une vanokushandira, zvimwechetewo uchiri pasi pekupa mhinduro kuna Jesu Kristu. Semutariri, unawo mukana wakanaka kuratidza vanhu zvakanaka pamusoro paIshe Jesu Kristu.

- A.** Bata vashandi vako zvakanaka uye zvakaenderana, uchivabhadhara zvinokwanira (vaKorose 4:1).
- B.** Usatyise vanokushandira kana kutaura zvineruvengo kune vanokushandira (vaEfeso 6:9).
- C.** Iva nehunhu hwemushandi kunyangwe uri pahutungamiri (1 vaKorinde 9:19, 10:33).

IV. Kushanda nekusangana nekutambudzwa kana kuedzwa paBasa.

- A.** Semutendi hazvifanirwi kukushamisa ukasangana nekutambudzwa nekuyedzwa (2 Tim 3:12).
- B.** Rangarira kuti nguva zhinji kuyedzwa nekurwadziswa kunokonzerwa nekusaziva kana hunyengeri (1 Petro 3:16-17). Uchitsvaga mikana yekupupura yedza kuva nemoyo munyoro kwete kuzvitutumadza kana kumanikidza (Mateo 10:16).
- C.** Zvichengetedze kubva kumiyedzo yepabasa. Zvirinyore kudhonzerwa munyaya kana maitiro asina kururama. Rarama murugare nevashandidzani vako. Chengetedza moyo nechapupu chako (vaRoma 13:14, Zvirevo 14:9).

V. Nekunyengerera, tsvaga kutungamirwa naMwari kana wasangana nenguva yekuda kuchinja mushando wako

Chenjerera nekurangarira kuti paunoshandira, waunoshandira, uye nebasa raunenge uchizoita zvose izvi zvinosimba muhupenyu hwemhuri dzedu kunyangwe nekereke yako. Iva nechokwadi kuti Ishe vatungamire sarudzo yakakosha zvakadai izvi.

- A.** Iva nechokwadi chekuti wakabatirira panaMwari pakukutungamira uye nehuchenjeri pasarudzo (Jakobho 1:5).
- B.** Zvibvunze kuti basa idzva kana kuchinjika kwekugara kunozokanganisa sei kushandira kwako Ishe Jesu Kristu nehukama hwako nekereke. Zvinogona kuva zvinhu zvakakura izvi. Tsvaga huchenjeri usati waita sarudzo dzeshanduko huru muhupenyu hwako.

Mibvunzo yechichidzidzo 19

1. Maringe neShoko raMwari, chii chinonzi kudanwa kwako? Simbisa neMagwaro.
2. Basa kana mushando wako unosimbisa sei zvikamu zvaunofanirwa kuzadzisa muhupenyu ?
3. Mutendi wese zvisinei kuti mutungamiri kana mjuushandi pabasa magumo azvo anodavira kunani? Izvi zvinofanirwa kushandura tsika yedu yebasa sei?
4. Ndezvipi zvinotaurwa neShoko raMwari zvinoratidza mushandi akanaka?
5. Ndezvipi zvinotaurwa neShoko raMwari zvinoratidza smutungamiri akanaka pabasa ?
6. Ndezvipi dzimwe dzenzira vatendi vanokanganisa zvinokonzera kushorwa kwaKristu pamabasa?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 19

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro

Hakunamunhu anorwa papfumo anozvipinganidza namabasa ehupenyu huno; kuti agone kufadza uyo wakamukokera kuhondo. 2

Timotio 2:4

Chibairo chechivi chemapenzi chinodadira: Asi pakati pevakarurama panokufarirana Zvirevo 14:9

Zvose zvamunoita, muzviite nemoyo wese, sokunaShe, musingaitiri vanhu; vaKorose 3:23

Chidzidzo 20: Nyika Yakarasika

Semutendi, hukama hwangu nenyika yakarasika hunofanirwa kunge wakamira sei?

Zviripachena kubva muMagwaro kuti mafambiro ezvinhu zvenyika anopokana naIshe Jesu Kristu nevateeri nevanhu Vake. Asiwo kunyangwe zvakadaro, Akakusiya kwenguva pfupi akakudana kuti uzviparadzanise nekuita kwenyika nguva imwechetewo uchiopupurira nyika yakarasika. Chinangwa chechidzidzo chino kukupa kunzwisisa kwakakwana pamusoro pebasa rako semutendi kune nyika yakarasika.

I. Tarisira Kurwiswa neKutambudzwa.

- A.** Nyika inopokana naJesu Kristu nekudaro akakuudza kuti iwe semutendi iwawo wakagadzirira kurwiswa kumwechetewo patinenge tichiteera matsimba ake (Johani 15:18-21).
- B.** Kana usingambosangani nekurwiswa kana kutambudzwa nenyika, unokwanisa kuva mucherechedzo wekuti hausu kurarama nenzira inodiwa na Ishe Jesu Kristu (Johani 7:7, 2 Timotio 3:12).

II. Ziva Kuti KuRwiswa Uku Kunobva Nekupi

- A.** Chinhu chakanyanya kuoma, kusangana nekurwiswa kuchibva kune vanhu vepedyo. Uku nguva zhinji ndiko kunobva kurwiswa nekutambudzwa kwemutendi (Mateo 10:35-36, Mako 6:4, John 1:11).
- B.** Nyika ino nemafambire ayo inopikisana nechinangwa chaIshe Jesu Kristu (zvinofadza zvenyika, mimhanzi, nezvenhau, nezvimwe zvizhinji). Unofanirwa kugara wakagadzirira kutonga zvinhu izvi maringe neShoko raMwari (1 Johani 2:15-17, Jakobo 4:4).

- C. Mhandu yako huru kumweya wako ndiDhiyabhorosi pachake. Anoshanda nezviripanyika kuti upinde muchivi nekudzikisira kushanda kwako kunaKristu (1 Petro 5:8, 2 vaKorinde 4:3-4).

III. Dzidza Kudaira kwakanaka pane Kurwiswa neNyika ino.

- A. Ipa mhinduro nyoro (Zvirevo 15:1, vaRoma 12:18).
- B. Tsvaga kufadza Mwari nehupenyu hwako (Zvirevo 16:7).
- C. Iva nekutenda munaMwari (1 Johani 5:4-5).
- D. Rangarira kuti nyika yakarasika irimuhungwa. Iva nerudo (vaRoma 12:14, 20-21).
- E. Namatira vanokutambudza **nezvikonzero zvakarurama** (Mateo 5:44).
- F. Chenjererera kuchengeta shamwari dzakanaka (Zvirevo 13:20, 1 vaKorinde 15:33).
- G. Zviise MuShoko raMwari nguva dzose (Joshua 1:6-9).

IV. Dzidza kuti nyika yakarasika inofanirwa kukuona uri munhu akadini.

- A. Vanofanirwa kuziva nemabsa ako kuti unoda Ishe (1 vaKorinde 8:3, 1 Johani 3:18).
- B. Vanofanirwa kuona kuti panekusiyana kwako naivo (1 Petro 2:9, vaFiriipi 2:14-16).
- C. Vanofanirwa kukuona uine kuzvidzora pazvinhu zvose (vaFiriipi 4:5, 1 Timotio 2:9, 1 Petro 4:3-4).
- D. Vanofanirwa kukuona wakavimbika nekuzvibata pazvinhu zvose (2 vaKorinde 8:21).

E. Vanofanirwa kukuona uine chapupu chakanaka nguva dzose (vaKorose 4:5-6).

V. Ziva nzvimbo yako munyika maringe neShoko raMwari

A. Uri mupfuuri nemutorwa munyika ino.(1 Petro 2:11, vaHebhuru 11:13). Nyika ino hausi musha wako! Tarisa vaHeburu 13:12-14.

B. Uri nhume yakamiririra Mambo wako Jesu Kristu (2 vaKorinde 5:20, vaFiripi 3:20-21).

VI. Ko Basa neChikamu Changu kuHurumende nderei?

Satani ikozvino ndiye arikutonga madzimambo nehumambo hwepasi (Ruka 4:5-6). Kunyangwe zvakadaro, Mwari ndivo vari pamusoro pazvose kunyangwe pake Dhiyabhorosi (Danieri 4:34-35). Hutongi hwepanyika isangano rakapihwa masimba naMwari. Nekuda kwekuti makereke, misha, kana hutungamiri hwenyika hunombobatwa nemhosva hazvirevi kuti tinofanirwa kuzvibvisa pasi pemasimba atakaisirwa naMwari. Hunhu hwakanaka kune hutungamiriri hwakakosha zvikuru.

A. Mwari ndiye akagadza masimba ariko, saka nekudaro tinofanirwa kuzviisa pasi pehutungamiriri hwavo (vaRoma 13:1-5).

B. Tinofanirwa kupa hurumende izvo zvinotaurwa nemutemo (vaRoma 13:6-7, Mateo 17:24-27, 22:15-22).

C. Tinofanirwa kuzviisa pasi pemasimba nekureva kwavo (1 Petro 2:13-15).

D. Tinofanirwa kukudza chigaro chehutungamiriri chakaiswa naMwari nekuchenjerera matauriro atinoita pamusoro pavo (1 Petro 2:17-23, 2 Petro 2:10).

- E.** Kusateerera kutungamira kwemutemo kunongoitwa chete kana vatungamiri venyika vakupokana nedzidziso dzeShoko raMwari zviri pachena (Mabasa 5:29).

- F.** Tinofanirwa kuziva kuti hunhu hwepamweya haungaiswa pamutemo wenyika. Kuita kwematongerwo enyika hakuna chakwakanyanya kukoshera panezvekuita nemweya dzedu. Zvatinokwanisa kuitira vanhu nenyika zvakapinda kukosha kutungamirira vanhu kunaKristu (Tito 2:14).

Mibvunzo yechichidzo 20

1. Sei basa remutendi kunyika yakarasika richida kunzwisisa chikero nenzira yekuita nayo?
2. Zvinopa mucherechedzo wakadini kana mutendi asingambosangana nekurwiswa nekutambudzwa? Simbisa neMagwaro.
3. Kuchenjerera **hama neshamwari dzatinoswera** nadzo kwakakosherei pakukwanisa kwedu kushanda nekurwiswa?
4. Sevati tino fanirwa kuona nzvimbo yedu tiri vanhu vakadini munyika ?
5. Mitemo yepasi pano tino fanirwa kuitevedzera, asi ndeipi nguva hatinobvumirwa kusateerera mitemo iyoyo maringe neShoko raMwari?
6. Sei kuita kwematongerwo enyika kusina zvakwakanyanya pane zvekuita nemweya dzedu?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 20

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

*Zvino, navose vanoda kunamata Mwari munaKristu Jesu
vachatambudzwa 2 Timotio 3:12*

Musada nyika kunyangwe nezvinhu zviru munyika. Kana munhu achida nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. Nekuti zpose zviru munyika, zvinoti kuchiva kwenyama, kuchiva kwemeso, nekuzvikudza kwohupenyu, hazvibvi kuna Baba asi panyika. Nyika inopfuura nokuchiva kwayo; asi unoita kuda kwaMwari, unogara nekusingaperi. 1 Johani 2:15-17

Chidzidzo 21:

Chigaro Chekutonga kwaKristu

Semutendi muKristu, kune zuva rekutongwa here kwandiri, uye ndinenge ndichitongwa pamusoro pei?

Tariro yedenga yakachengetedzeka kune mwana wese waMwari akaberekwa kutsva, asi chakandimirira kumberi kwehupenyu uno zvinofanirwa kuti kurudzira kuvatakatendeka pabasa redu kunaMwari. Nzira yatinorarama nayo mushure mekunge taponeswa yakakosha kunaMwari, neBhaibheri rinotiudza kuti kuchava nezuva rekudaira kune mararamiro atakaita panyika. Sevatendi, kubvisa meso edu zvakanyanya panezvinhu zvenguva ino tichimaisa pane zvinokosha zvinogara nekusingaperi, chikamu chikuru chakakosha chekukura kwedu pamweya. Sekuona kwatichaita muchidzidzo chino, richavapo zuva ratichamira pamberi peMuponesi wedu kune mutendi wese. Chidzidzo chino chakagadzirwa kuti unzwisise kuti kuchava nekutongwa uko kuchauya uye kuti ubvise meso ako pane zvinhu zvenguva ino wotarira zvinhu zvinogara nekusingaperi kuti usazova nekunyara pazuva rekutonga kwaKristu.

I. Chii chinonzi Chigaro Chekutonga kwaKristu?

Mubhaibheri mune mhando zhinji dzakasiyana dzekutongwa. Ichokwadi kuti muKristu haachazotongerwa zvivi zvake kana kuzoenda kuGehena, asi munhu wese achatongwa naMwari imwe nguva mushure mekufa (vaHeburu 9:27). Kutongwa kwemutendi kunodanwa iko kunzi Chigaro Chekutonga kwaKristu, uye ndekwe vanhu vakaponeswa chete (vaRoma 14:10).

- A. Wakatongwa kare **semutadzi** pamuchinjikwa Calvary, Kristu paakatambudzika mubairo wechivi chako panzvimbo pako (2 vaKorinde 5:21, 1 Petro 3:18, vaRoma 5:8). Kubva pazuva rekuponeswa kwako kusvikira pakufa (kana kubvutwa) Mwari vanoshanda nemumwe nemumwe wedu **sevana** kuburikidza nekutidzora nekutirova neshamhu (vaHeburu 12:5-11). PaChigaro Chekutonga kwaKristu tichange tichitongwa

sevaranda vake tichizviwanira mugove kana kurasikirwa (1 vaKorinde 3:14-15).

B. Chigaro Chekutonga kwaKristu hachifanirwi kuvhiringinzwa neChigaro Chekutongwa Chichena (Zvakazarurwa 20:11-15). Chigaro Chekutonga kwaKristu hachisi chekutongwa uchisarudzirwa denga kana gehena. Uku kutongwa kwevatendi chete (2 vaKorinde 5:10).

C. Ichokwadi kuti wakaponeswa uye urimwana waMwari nekusingaperi, asi nzira yatinorarama nayo yakakosha Kwaari saka paine Chigaro Chekutongwa kwevatendi ChaKristu.

II. Chii chandinofanirwa kutarisira paChigaro Chekutonga kwaKristu?

Ipfungwa inofanirwa kutidzora kufunga kuti tichamira pamberi pechigaro chaIshe Jesu Kristu, zvese zvawakaita nekubata kwako kucheedzwa (Zvakazarurwa 1:13-18). 1 vaKorinde 3:9-15 inotipa muono pamusoro peChigaro Chekutonga kwaKristu.

A. Tichange tichizotongwa nzira dzataishandisa (v. 10 - “sei”) uye zvinangwa (v. 13 “zvikonzero”) zvataitira basa rataiita kuna Ishe Jesu Kristu (v. 9-13).

1. Kubata kwaitwa nechikonzero chaIshe Jesu Kristu kuchanatswa (goridhe, siriveri, nendarama), asi kubata kwose kwakaitwa nezvikonzero nezvinangwa zvisina kunaka zvichapiswa (matanda, uswa, nemashanga).

2. Kana tikashandira Ishe nezvikonzero zvekuda kuzviwanira nekuzvitumadza kana kuda kufadza vamwe vanhu hatiwane mugove waIshe kudenga pabasa rakadaro (Ruka 16:15, vaEfeso 6:6).

B. Tichagoverwa maringe nekubata kwakatendeka kunaIshe Jesu Kristu (v. 14). Testamente Itsva inotaura pamusoro pe “makorona” mashanu.

1. Korona Isingawori – Kune vaiva nekuzvidzora (1 vaKorinde 9:24-27).
2. Korona yeMufaro – Kune vaitsvaga mweya yakarasika (1 vaTesaronika 2:19-20).
3. Korona yeKururama – kuFarira nekuda kudzoka kwaKristu (2 Timotio 4:8).
4. Korona yeHupenyu – Kune vaitsungirira pakuedzwa nekufira Kristu (Jakobho 1:12, Zvakazarurwa 2:10).
5. Korona yeKubgwinya – kuva mutungamiri akatendeka (1 Petro 5:1-4).

C. Tichazorasikirwa nemibairo pamusoro pekutadza kushandira Kristu nenzira yakanaka (v. 15). Kuyangwe mutendi achizorasikirwa nemibairo kana asina kurarama zvakanaka anenge achiri akangoponeswa (“asi sewabuda pamoto”).

1. Tinokwanisa kurasikirwa nemibairo yatanga tambozviwanira ,kana tikasapedza zvakanaka (2 Johani 8, Zvakazarurwa 3:11).
2. Tichazviwanira izvo zvinhu takaita nemiviri yedu, kusanganisira zvakaipa (2 vaKorinde 5:10). Pane pfungwa “inototyisa” pakufunga chitiko ichi (2 vaKorinde 5:11).
3. Kurasikirwa nemibairo paChigaro chaKristu Chekutonga, kunounza kunyara (1 Johani 2:28, Zvakazarurwa 3:18).

III. Chigaro Chekutonga kwaKristu chinofanirwa kundishandura sei ikozvino?

Tinofanirwa kutsvaga kurarama hupenyu hwedu tichitarira ramangwana. Ishe Jesu Kristu vakatinakira, nesuwo tinofanirwa kutsvaga nemoyo unoda kuvafadza. Korona dzatinozowana kuburikidza nekushanda kwedu tichiitira Kristu dzinenge dziri zvipo kunaMwari wedu patinozomira pamberi Pake (Zvakazarurwa 4:10-11). Dzidziso yeChigaro Chekutonga kwaKristu inofanirwa kuunza shanduko huru muhupenyu hwemutendi munguva ino.

- A.** Tinofanirwa kuisa moyo yedu kune zvinhu zvedenga (vaKorose 3:1-4).
- B.** Tinofanirwa kuchengeta hupfumi hwedu kudenga (Mateo 6:19-21).
- C.** Tinofanirwa kunzwisisa kuti hupfumi hwepanyika nemibairo yepanyika ndeenguva pfupi, asi mibairo Kristu anozotipa paChigaro Chake Chekutongaa inogara nekusingaperi (2 vaKorinde 4:17-18).

IV. Mhando 8 dzemitongo(uchizoonderera mberi nekuverenga)

- A.** Chivi chenyika (vaGaratiya 3:13, 2 vaKorinde 5:21).
- B.** Mambo muchinda wenyika ino (Johani 12:31, 16:11).
- C.** Mutendi semwana (1 vaKorinde 11:31-32, vaHeburu 12:5-11).
- D.** Chigaro Chekutonga kwaKristu (vaRoma 14:10, 2 vaKorinde 5:10).
- E.** Kutongwa kwerudzi rweIsraeri munguva yemarwadzo makuru (Ezekieri 20:20-28, Isaya 4:2-4).
- F.** Masimba (Isaya 24:21-22, Danieri 7:9-14).
- G.** Marudzi emaHedheni (Mateo 25:31-46).
- H.** Chigaro Chikuru Chichena Chekutongwa (Zvakazarurwa 20:11-15).

Mibvunzo yechidzidzo 21

1. Kubva muchidzidzo, ndepapi uye nenzira dzipi Mwari vachatonga mutadzi? mutendi semwana ? nemutendi semuranda?
2. Ndeupi musiyano uripo pamusoro peChigaro Chekutonga kwaKristu neChigaro Chikuru Chichena Chekutongwa ?
3. Vanhu tichatongwa sei paChigaro Chekutonga kwaKristu ?
4. Zvinorevei kuna 1 vaKorinde 3:15 panonzi “iye pachake achaponeswa; asi sewakabuda pamoto”?
5. Chii chinofanirwa kuitika muhupenyu hwemutendi kana achirarama achitarisisra kuzomira pamberi peChigaro Chekutonga kwaKristu?

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 21

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva. Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro.

Nekuti isu tose tinofanirwa kuratidzwa pamberi pechigaro chekutonga kwaKristu; kuti mumwe nemumwe apiwe zvaakaita nemuviri, sezvaakaita, kana zvakanaka kana zvakaipa. 2

vaKorinde 5:10

Zvino, vana vaduku, garai maari, kuti, kana achizowonesa, tive nokusatya, tirege kunyadziswawo pamberi pakuuya kwake 1 Johani

2:28

Chidzidzo 22: Kuuya kwaKristu kwePiri

Hunhu hwangu semutendi hunofanirwa kunga hwakamira sei maringe nekuuya kwaKristu Jesu?

Kudzoka kwaIshe Jesu Kristu ndicho chiitiko chakanyanya kuporofitwa muMagwaro uye ndiyo “tairo yakaropafadzwa” yemutendi (Tito 2:13). Chinosuwisa, dzidziso iyi inokanganiswa nguva zhinji, kutoraswa, kana kusiiwa. Kudzoka kwaKristu Jesu chidzidzo chakakosha zvikuru chine zvekuita nemararamire edu sevatendi. Chinangwa chechidzidzo chino kukupa muwono wezvinotaurwa neShoko raMwari pamusoro pemagumo nekudzoka kwaKristu uye kuti kwavepedyo zvinofanira kukupa chechedzo pamararamiro edu takamumirira.

I. Muwono wakazara Pamusoro PeNguva YeMagumo

Kunyangwe paine mifungo yakasiyana pamusoro peKudzoka kwaKristu nezviitiko zveMaGumo, kutsanangura Bhaibheri sezvariri kunozotipa kunzwisisa tsanangudzo “nemufananidzo mukuru” waMwari wemazuva ekupedzisira.

A. Kubvutwa kwe Kereke (1 vaThessaronica 4:13-18). Chiitiko “chikuru” chinotevera pazviporofita zvezviitiko zvaMwari kutorwa kwekereke kubva panyika.

1. Ishe pachavo vachauya *panguva ino* kuvatendi vake
2. Vatendi vose vachawana muviri wakarurama nekubwinya panguva iyo (1 vaKorinde 15:51-53).
3. Izvi zvichaitika pasati patanga nguva yeMarwadzo Makuru (1 vaThessaronica 5:9).

4. Tichitevera kubvutwa kwevatendi ndipo tinonosangana nekunomira paChigaro Chekutonga kwaKristu (2 vaKorinde 5:10) uye kuchizotevera mufaro wewanano yeChikomba Ishe Jesu Kristu achizoorora Mwenga wake kereke (Zvakazarurwa 19:7-9).

B. Nguva Yemarwadzo Makuru (Danieri 9:24-27, 12:1, Matteo 24:21). Mushure mekubvutwa kwekereke Ishe Jesu vanozotarisa nerudzi rweIsraeri (Jeremiah 30:7).

1. Uyo Unopokona naKristu anozouya achitonga panguva iyi (2 vaThessaronica 2:3-4). Acharwadzisa Israeri zvisina tsitsi, achiedza kuvaparadza (Zvakazarurwa. 12:17).
2. Kuchava nezviitiko zvakaipa zvinosuwisa, mitongo nezvimwe zvakaipa zvizhinji panyika zvinosanganisira hondo, nzara nezvirwere zvisati zvakambowonekwa (Matteo 24:22, Zvakazarurwa 6).

C. Kuratidzwa kwaKristu (Zvakazarurwa 19:11-16). Pakusvika kumagumo enguva yeMarwadzo makuru, Jesu Kristu anodzoka kuzitora masimba panyika yose. Ichi ndicho chiitiko chakanyanaya kuporofitwa muBhaibheri.

1. Mukubatana nekuuya kwake, kuchava nehondo Armageddon ichaitika panyika (Zvakazarurwa 16:14, 16).
2. VaJudha vanenge vasara vachaponeswa pavanoona Jesu Kristu (Zackaria 12:10) vodzororwa pamusoro pamarudzi ose (Duturonomio 28:13).

3. Marudzi emaHedheni epanyika achatongwa pakudzoka kwaKristu maringe nekubata kwavakaita vaJudha (Matteo 25:31-46).

4. Dhiyabhozi achaiswa Mugomba Risina magumo (Zvakazarurwa 20:1-3).

D. Hushe hwaKristu hwemakore mazana makumi (1000) (Zvakazarurwa 11:15, 20:4). Jesu Kristu achaisa humambo hwake hwerugare nekukurama panyika uchagara kwemakore mazana makumi.

1. Kumagumo kwemakore aya, Satani achasunungurwa zvisihoma otungamira hondo yekupedzisira yekumukira humambo hwaMambo Jesu (Zvakazarurwa 20:7-10).

2. Izvi zvichaitisa kuparadzwa kwenyika nemoto (2 Petro 3:8-10).

3. Mutongo weChigaro Chikuru unoitika vese vakaipa vakafa kubva nyika ichisikwa vachakandirwa Mudziva reMoto (Zvakazarurwa 20:11-15).

E. Hushe hunogara neKusingaperi (Ruka 1:31-32). Chivi nekumukira zvichinge zvabviswa, humambo hunogara nekusingaperi unovambwa.

1. Izvi zvinotanga nedenga idzva, nyika idzva neJerusaremma idzva (Zvakazarurwa 21:1-4).

2. Tichazoshandira Ishe wedu pasina zvimhingaidzo kana miedzo nekusingaperi (Zvakazarurwa 22:3).

II. Musiyano unoitwa nevimbiso yekuuya kwake munguva yatiri.

Dai mwenga achitarisira Chikomba kune chiuye chichimutora kuenda kumusha wavo mutsva chero nguva, aizogara achitarisira. Dai uchitarisira mambo anoremekedzwa mukuru kushanya kumba kwako waizogara wakagadzirisa kuona kuti zvinhu zvese zvakanaka uye zviru panzvimbo pazvo. Dai waigadzirira kubva paunogara uchienda kune mumwe musha mutsva urikure, waizogadzirira kufamba kwako munguva irikumashure. Jesu Kristu arikuuya kuzitora kereke yake netariro iyoyo inofanirwa kutishandura maitiro atingazoita muhupenyu hwedu.

- A.** Tariro yekuuya kwake inofanirwa kutinatsa (1 Johani 3:1-3, Tito 2:11-14).
- B.** Tariro yekuuya kwake inotipa chokwadi (vaFiripi 1:6, 1 Johani 2:28).
- C.** Tariro yekuuya kwake inotipa simba rekutsvaga mweya yakarasika tichiziva kuti hatina nguva yakareba (Johani 9:4).
- D.** Tariro yekuuya kwake inoita tive vakatendeka pabasa rake (2 Timotio 4:1-8).
- E.** Tariro yekuuya kwake inotiunzira rugare nekuchengetedzeka (1 vaThessaronica 4:18).
- F.** Tariro yekuuya kwake inotipa kurudziro munguva dzakaoma nematambudziko (1 Petro 1:5-7).
- G.** Tariro yekuuya kwake inotibatsira kutsungirira takamirira kuuya kwake (Jakobo 5:7-8).

Mibvunzo yechidzidzo 21

1. Ndechipi chiitiko chikuru chatakatarisana nacho pazviitiko zvakaporofitwa naMwari muzviporofita zveBhaibheri ? Izvi zvichaitika nguva ipi tichitarisa nenguva yeMarwadzo Makuru?
2. Mwari vachange vakatarisana nani panguva yeMarwadzo Makuru? Ipa Magwaro anosimbisa.
3. Ipa zviitiko zvina zvakakosha zvechiporofita zvakabatana nekuratidzwa kwaJesu Kristu pakuuya kwake kwepiri .
4. Kutongwa kweChigaro Chikuru Chichena kuchaitika nguva ipi?
5. Nyora “zvinhu zvitsva” zvitatu zvakabatana neHushe Hunogara nekusingaperi kuna Zvakazarurwa 21.
6. Nyora nzira nhatu dzinoshandurwa nadzo hupenyu hwemutendi achinge atarira kuuya kwaKristu kwepiri.

Ndima dzekuchengeta mumoyo dzechidzidzo 21

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yako kuedza kuchengeta
nokuziva zvikamu zvinotevera nomusoro. Zvinogona kubatsira
kumanyora pachikadhi wofamba naro uchizotarira nguva nenguva.
Funga pamusoro pendima idzi paunenge uchiedza kumaisa mumusoro

*Takatarira tariro inofadza, nokuwonekwa kwokubwinya kwaMwari
mukuru, noMuponesi wedu, Kristu Jesu ; Tito 2:13*